

# Depatman Lekòl Piblik Konte Miyami Dade Pwogram Bileng pou Ankadre Paran



## Sijè pou Ane Lekòl 2008-2009 la

Mwa	Sijè	Rezime
<b>Septanm</b> (K-12)	<b>Pwogram M-DCPS pou Moun ki ap Aprann Lang Angle ak Elèv ki Imigran</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>❖ Aprann osijè divès pwogram Distri a pou Moun k ap Aprann Angle ak elèv ki imigran.</li> <li>❖ Konprann poukisa li enpòtan pou timoun ki ap Aprann Angle yo patisipe nan pwogram Edikasyon Bileng.</li> <li>❖ Aprann poukisa e kijan ou ka vin yon moun k ap defann pitit ou atravè patisipasyon w nan Monsey Lidèchip Paran.</li> </ul>
(Sant pou Adilt)	<b>Chemen Karyè ak opòtinite Edikasyonèl nan Edikasyon Adilt pou Imigran ki Pa gen Lontan depi yo Rive ak sa ki Fèk Rive yo</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>❖ Konprann ki karyè ou ta renmen pouswiv baze sou nivo edikasyon ou te gen nan peyi w : -èske ou te kon ale lekòl -èske ou te pran yon diplòm lekòl segondè, - èske ou te gen yon diplòm inivèsitè nan pwofesyon ou tap egzèse.</li> <li>❖ Idantifye pwogram teknik/pwofesyonèl ki otorize e ki disponib nan M-DCPS.</li> <li>❖ Konprann dwa ou genyen pou w antre nan klas edikasyon pwofesyonèl.</li> <li>❖ Aprann kijan pou w pa pèdi validasyon kredi/nòt ki soti nan peyi etranje.</li> </ul>
<b>Oktob</b> (K-12)	<b>Devlopman Vokabilè an Koneksyon avèk Lekti ak Ekriti kap ede w jwenn yon gwo Siksè nan Lekòl.</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>❖ Konprann prensip debaz ki pèmèt timoun aprann li ak ekri.</li> <li>❖ Aprann estrateji ki efikas pou ede pitit ou aprann li.</li> <li>❖ Idantifye pratik ki efikas pou aplike lakay ou pandan divès laj ak etap pitit ou pase pou devlope ladrès nan lekti ak ekriti.</li> </ul>
(Sant pou Adilt)	<b>Enpòtans pou Etabli e Konsève bon Kredi pou kapab Reyalize tout Objektif nan lavi Pèsonèl ou ak nan Biznis Ou.</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>❖ Aprann poukisa li enpòtan anpil pou yon moun gen bon kredi nan peyi Etazini.</li> <li>❖ Aprann kijan pou yon moun kòmanse e konsève yon bon kredi.</li> <li>❖ Aprann kijan yo evalye kredi w, e kijan pou w revise e korige erè nan rapò kredi w.</li> <li>❖ Dekouvri chwa finansye ki ka pèmèt ou bati kredi pou ou e/oubyen pou ti biznis ou a.</li> </ul>
<b>Novanm</b> (K-12)	<b>Lwa ki Egziste deja ak nouvo lwa ki Pral Vini pou reglemante zafè Anmèdman ak Arasman nan M-DCPS</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>❖ Konprann plan global distri a ap aplike kounye a ki konsène prevansyon kont anmèdman ak vyolans ki afekte elèv.</li> <li>❖ Aprann ki nouvo règleman ki pral genyen nan lekòl atravè tout distri nan eta Florid la ak konsekans pou elèv <b>ak anplwaye yo</b> .</li> <li>❖ Konprann machaswiv pou enfòmè paran yo, pou rapòte, ak ankete sou ensidan yo.</li> <li>❖ Dekouvri kisa " Zòn Cho" yo ye.</li> </ul>
(Sant pou Adilt)	<b>Sezon Taks la ap Vini - Èske M Bezwen Ranpli yon Fòm pou "Taks sou revni"?</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>❖ Konprann lwa debaz sou <b>"taks sou revni"</b> nan peyi Etazini.</li> <li>❖ Aprann kijan pou w ranpli e soumèt yon fòm "taks sou revni".</li> <li>❖ Aprann benefis <b>"Child Tax Credit (CTC)", "Earned Income Tax Credit (EITC)"</b> genyen.</li> <li>❖ Konnen ki kote pou w chèche resous lokal ki disponib pou ede w nan preparasyon taks ou.</li> </ul>

Mwa	Sijè	Rezime
<p><b>Janvyè</b> (K-12)</p>	<p><b>Bonjan Disiplin ak Teknik Kominikasyon ki Favorize Lyen Familyal ki Solid</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>❖ Konprann ki devlopman emosyonèl ak mantal ou kapab espere wè lakay pitit ou.</li> <li>❖ Konprann kisa konpòtman "nòmal" vle di pou yon adolesan, e kijan pou w jere bezwen ak anvi yo avèk efikasite.</li> <li>❖ Aprann rekonèt siy ki montre gen yon pwoblèm serye.</li> <li>❖ Dekouvri, si se nesesè, kilè e ki kote pou w chèche èd pou pitit ou ki adolesan.</li> </ul>
<p>(Sant pou Adilt)</p>	<p><b>Vòl Idantite - Kisa sa ye, e Èske moun kab Evite L?</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>❖ Aprann kisa vòl idantite ye, e kijan pou w evite l (DETOUNEN).</li> <li>❖ Aprann siy vòl idantite (DETEKTE).</li> <li>❖ Aprann kisa pou w fè si w vin yon viktim vòl idantite (DEFANN).</li> </ul>
<p><b>Fevriye</b> (K-12) <b>ak</b> (Sant pou Adilt)</p>	<p><b>Sèvis Medikal yo bay nan Sistèm Sante Jackson; ak lòt Ajans Kominotè Lokal pou Imigran</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>❖ Aprann konsènan sèvis sante yo bay imigran nan Sistèm Sante Jackson, ak lòt sèvis leta ki ofri swen medikal nan konte a.</li> <li>❖ Idantifye ajans kominotè lokal kote ou kapab ale pou w jwenn èd, tankou: travay, lojman, transpò, èd finansyè, ak lòt Sèvis Gouvènman Miami-Dade County.</li> </ul>
<p><b>Mas</b> (K-12) <b>ak</b> (Sant pou Adilt)</p>	<p><b>Enfliyans Lwa Imigrasyon ak Kijan pou w vin yon Sitwayen Ameriken</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>❖ Konprann lwa imigrasyon ak pwoblèm imigrasyon ki konsène tout moun.</li> <li>❖ Aprann divès mwayen pou w vin gen estati rezidans pèmanan Ozetazini.</li> <li>❖ Konnen dwa ak responsablite w anba lalwa!</li> <li>❖ Aprann benefis ki genyen lè w vin yon sitwayen Ameriken.</li> <li>❖ Aprann etap ki nesesè pou w ranpli yon Aplikasyon pou Natiralizasyon.</li> </ul>
<p><b>Avril</b> (K-12)</p>	<p><b>Medya - Kijan li Enfliyanse Timoun ak Adolesan</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>❖ Konprann Medya ka gen yon enfliyans pozitif sou pitit ou .</li> <li>❖ Konprann lyen ki genyen ant vyolans nan televizyon avèk konpòtman agresif.</li> <li>❖ Chèche konprann klasman medya yo ak enstriman yo sèvi pou bloke pwogram ki pa fèt pou timoun.</li> <li>❖ Chèche konnen poukisa jwèt videyo kapab yon danje pou pitit ou.</li> <li>❖ Aprann kijan pou w devlope abilite pou w konprann medya a, e kijan pou w detèmine regleman ki aplikab.</li> </ul>
<p>(Sant pou Adilt)</p>	<p><b>Kijan pou w Jere Konfli Kèlkeswa laj!</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>❖ Aprann kijan pou w itilize ladrès rezònman ki byen devlope pou rezoud konfli, lè w konsidere nivo laj ak matirite moun ki anfas ou a.</li> <li>❖ Aprann kijan pou w prevni konfli e evite konfwontasyon nan divès sitiyasyon.</li> <li>❖ Aprann kijan pou w rezoud pwoblèm nan lapè, e ankouraje respè pou pwòp tèt ou.</li> </ul>
<p><b>Me</b> (K-12) <b>ak</b> (Sant pou Adilt)</p>	<p><b>Kijan pou w Siviv lè gen Gwo Pwoblèm Ekonomik</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>❖ Konprann "Golden Rule of Economics in the United States" (Règ Dò Ekonomi Peyi Etazini).</li> <li>❖ Konnen kisa enflasyon ye e kijan li afekte nou tout.</li> <li>❖ Konprann kisa resesyon ye, e kijan yo ka korije l.</li> <li>❖ Aprann kijan pou w evite tonbe nan fayit.</li> <li>❖ Aprann genyen mwayen pou yo pa sezi kay ou.</li> </ul>
<p><b>Jen</b> (Sant pou Adilt)</p>	<p><b>Konstitisyon Etazini - Dwa Pwoteksyon ak Responsablite pou Tout Moun!</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>❖ Aprann rezime istwa konstitisyon an.</li> <li>❖ Vin abitye avèk estrikti politik la nan peyi Etazini.</li> <li>❖ Aprann e konprann kijan yo fè epi pibliye lwa yo.</li> <li>❖ Konprann dwa ak responsablite w.</li> </ul>